QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA’LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko‘chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«27» декабрь 2021-y. № 01-01/4-5820 «____»-_______ 2021-j.

**Нөкис қаласы, Омар шайыр көшеси,**
**89-жайда жасаўшы пуқара**
**Г.Утениязоваға**

**Көширмеси:**

**Өзбекстан Республикасы**
**Президентиниң Қарақалпақстан**
**Республикасындағы Халық**
**қабыллаўханасына**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарақалпақстан Республикасындағы Халық қабыллаўханасына балаңызды өз қәнигелиги бойынша Нөкис қаласында жайласқан улыўма орта билим бериў мектеплеринен жумыс пенен тәмийинлеўде әмелий жәрдем сорап еткен мүрәжатыңызды тийисли тәртипте үйренип шығып, нәтийжеси бойынша төмендегилерди мәлим етеди.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 29-январьдағы “Халық билимлендириўи системасындағы шөлкем ҳәм билимлендириў мәкемелеринде бос жумыс орынлары (вакант лаўазымлар) ҳаққында министрликтиң рәсмий веб-сайты арқалы дағаза бериў тәртиби ҳаққында”ғы 20-санлы буйрығы қабыл етилди.

Усы буйрық пенен, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң “Мектеп билимлендириўи барысын басқарыў системасы - ish.uzedu.uz” базасында “Бос жумыс орынлары” бөлими арқалы район(қала)лық халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма орта билим бериў мәкемелери тәрепинен бос турған лаўазымларға ish.uzedu.uz сайты арқалы ашық таңлаўға дағаза бериледи.

Жоқарыдағылардан келип шығып, район(қала)лық халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма орта билим бериў мәкемелеринде бар болған бос жумыс орынлары ҳаққындағы мағлыўматларды ish.uzedu.uz сайтынан үйренип шығып, бос жумыс орны бар болған жағдайда тийисли тәртипте балаңыз А.Есемуратов өзиниң мағлыўматларын усы сайтқа киритсе жумысқа жайласыў имканиятына ийе болатуғынлығын мағлыўмат ушын билдиремиз.

Егерде, министрликтиң Сизге берген жуўап хатынан қанаатланбаған жағдайда жоқары турыўшы шөлкемлерге мүрәжат етиў ҳуқықыңыз бар екенлиги түсиндириледи.

**Екинши мәнзилге:** Мағлыўмат ушын.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Таярлаған: С.Жуманиязов
Тел: 61 222 24 66

Xalq ta’limi tizimiga oid barcha yangiliklardan quyidagi havolalar orqali xabardor bo‘lishingiz mumkin

www.uzedu.uz t.me/uzedu facebook.com/uzedu instagram.com/uzedu.uz

# АКТ

**Нөкис қаласы** «27» декабрь 2021 жыл

**Дүзилди усы акт төмендеги хызметкерлердиң қатнасында:**

1. ҚР Халық билимлендириў министрлиги Кадрлар бөлими баслығы С.Жуманиязов
(фамилияси, исми ва шарифи)
2. ҚР Халық билимлендириў министрлиги Кадрлар бөлими бас қәнигеси Ж.Алламбергенов
(фамилияси, исми ва шарифи)
3. ҚР Халық билимлендириў министрлиги Кадрлар бөлими жетекши қәнигеси Х.Абдижаббаров
(фамилияси, исми ва шарифи)
4. ____________________
(фамилияси, исми ва шарифи)
5. ____________________
(фамилияси, исми ва шарифи)

**Акт мазмуны төмендегише:**

Нөкис қаласы, Омар шайыр көшеси, 89-жайда жасаўшы пуқара Г.Утениязованың Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарақалпақстан Республикасындағы Халық қабыллаўханасына жазған мүрәжаты тийисли тәртипте үйренип шығылып, нәтийжеси ҳаққында мүрәжат ийесине министрликтиң 2021-жыл 27-декабрьдеги 01-01/4-5820-санлы хаты менен жазба түрде жуўап берилди.

Усы акт пуқара Г.Утениязованы министрлик тәрепинен берилген жуўап хаттан қанаатланғанлығы яки қанаатланбағанлығы ҳаққында түсиник хат жазып бериўди сораў мақсетинде қоңыраў еткенимизде оның менен байланысыў мүмкиншилиги болмағанлығы ҳаққында дүзилди.

Усы акттиң дурыслығына қол қойыўшылар.

1. С. Жуманиязов (имзо) ________
2. Ж. Алламбергенов (имзо) ________
3. Х. Абдижаббаров (имзо) ________
4. ________________ (имзо) ________
5. ________________ (имзо) ________

3-sh.

"O'zbekiston pochtasi" AJ

3/8279 -son KVITANSIYA
(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)

**buyurtma** Нк. ________ **qabul qilishda**
(jo'natma turi) (alohida belgisi)

Qayerga Нөкис қаласы
Kimga Г. Утениязова
Og'irlik ________ g
Jo'natish uchun to'lov ________ so'm ________ tiyin

**Qabul qildi** ________
(imzo)